НÆ СЫГЪДÆГЗÆРДÆ КУЫВДТЫТÆ ФЕХЪУЫСÆНТ ХУЫЦАУМÆ!

РЦИ-Аланийы Æрыдоны районы газет / Газета Ардонского района РСО-Алания

# РУХС СВЕТ

ГАЗЕТА ОСНОВАНА В 1939 ГОДУ | 2024 АЗЫ СУСÆНЫ МÆЙЫ 13 БОН САБАТ | 13 ИЮЛЯ 2024 ГОДА СУББОТА | № 93 (12466)

### Уважаемые земляки!

*Поздравляю вас с Днем Хетага! Этот древний национальный праздник был и остается одним из важнейших ежегодных событий в жизни осетинского народа.*

*Глубоко почитая духовное наследие своих предков, мы стараемся соответствовать тем высоким нравственным ценностям, которые заложены в основе нашей культуры. И День Хетага нам еще раз напоминает о силе веры и величии духа человека, о всепобеждающем стремлении к добру.*

*В этот день традиционно в каждом доме звучат молитвы о мире и процветании родной земли, о счастье и здоровье близких и о том, чтобы Всевышний оградил нас от невзгод – так же, как когда-то он спас Хетага.*

*Глубоко символично, что празднование Дня Хетага с осетинским народом разделяют и представители других национальностей, живущие единой дружной семьей в любимой Осетии. Только вместе мы сможем преодолеть все трудности нынешнего времени и создать для будущих поколений достойную жизнь.*

*Наша общая задача – и дальше укреплять взаимопонимание между людьми, способствовать сохранению мира и стабильности на древней и прекрасной кавказской земле.*

*Пусть в каждом доме республики и за ее пределами, где с чистым сердцем будут отмечать День Хетага, воцарятся мир, радость и благополучие! С праздником, Осетия!*

*Мæ зынаргъ æмзæххонтæ, уе 'ппæтæн дæр зæрдиаг арфæ кæнын.*

*Абон бæрæг кæнæм ирон адæмы стырдæр бæрæгбонтæй иу — Хетæджы бон.*

*Нæ фыдæлтæ рагæй-æрæгмæ сæ бæлццæтты, сæ бинонты фæдзæхсынц дæуыл, Хетæджы дзуар, æмæ дæ курæм: нæ зæххыл сабырдзинад куыд уа, кæстæртæ дзæбæх куыд уой, уыцы амонд нын ратт.*

*Арфæ кæнын Ирыстоны адæмæн, йæ райгуырæн бæстæйæ дард чи ис, уыдонæн се 'ппæтæн дæр — æнæфыдбылыз, æнæмаст ут.*

*Нæ кувинæгтæ не 'ппæтæн дæр хæлар куыд уой, уыцы хорзæх нын саккаг кæн!*

***Сергей МЕНЯЙЛО,***
***Глава РСО-Алания.***

### Хонæм уæ!
### Хетæджы Уастырджийы бæрæгбоны хорзæх уæ уæд!

***Хонæм уæ сусæны мæйы 14 боны 13 сахатмæ Хетæджы къохмæ. Табуафси, саккаг кæнут!***

### Вниманию желающих выехать в Рощу Хетага!

***14 июля в 11:30 с центральной площади г. Ардона отправляется автобус.***



### Зынаргъ Æрдоны районы цæрджытæ!

*Райсом Ирыстоны адæм æмæ зæххы къорийы æппæт ирæттæ бæрæг кæндзысты нæ сæйрагдæр бæрæгбæттæй иу — Хетæджы Уастырджийы бон.*

*Ирыстоны кувæг лæгтæ цæудзысты Тымбыл хъæды дзуармæ, кувдзысты æмæ курдзысты хорздзинæдтæ нæ Ирæн, фæдзæхсдзысты кæстæрты, курдзысты сабырдзинад, бæркад æмæ рухс фидæн. Сыгъдæгзæрдæйæ цы бæллицтæ раргом кæнæм, уыдон ныл дзæбæхæй æрцæуæнт!*

*Ирыстоны фæсивæдæй абон бирæтæ сты хæсты быдыры, æмæ сæ Уастырджи йæ рахиз базыры бын бакæнæд, фыдбылызæй сæ хъахъхъæнæд! Нæ лæппутæ дзæбæхæй сæ Райгуырæн зæххмæ тагъд рæстæг уæлахизимæ сæмбæлæнт!*

*Нæ зынаргъ æмзæххонтæ! Арфæ уын кæнæм Хетæджы Уастырджийы боны фæдыл. Стыр Хуыцауы хорзæхтæй хайджын ут! Алкæй бинонтæн дæр нæ зæрдæ зæгъы фидар æнæниздзинад æмæ амонд. Уæ алкæй хæдзар дæр æмæ нæ ирон зæхх дæр фæрнæйдзаг уæнт!*

*Нæ зæрдиаг куывдтытæ дзæбæхæй фарнимæ æрцæуæнт!*

***Æрыдоны районы сæргълæууæг***
***МÆРЗАТЫ Владислав,***
***Æрыдоны районы администрацийы***
***сæргълæууæг БАСИТЫ Владислав.***

### Мæ зынаргъ Æрыдоны районы цæрджытæ!

*Зæрдæбынæй уын нæ сæйрагдæр национ бæрæгбæттæй иуы фæдыл арфæ кæнын! Уый бирæ æнусты дæргъы у ирон адæмы культурæйы æнæфехалгæ хай.*

*Рæстæг куыд равдыста, афтæмæй хъуамæ аргъ кæнæм нæ рагфыдæлты хæзнатæ æмæ традицитæн, нæ уидæгтæ нæ рох ма кæной. Нæ бирæнацион республикæйы ацы бæрæгбон æвдисы хорз сыхæгтæй цæрыны, адæмты 'хсæн разыдзинад æмæ кæрæдзийæн аргъ кæныны æууæлтæ. Бæрæгбон дзаг вæййы удварнон æмæ иугæнæг тыхæй. Хетæджы къохы хистæртæ Дуне Сфæлдисæгмæ скувдзысты, уарзон зæххæн дзы курдзысты сабырдзинад, амонд, алы бинонтæн — фарн.*

*Зынаргъ æмзæххонтæ! Царды æнæниз æмæ амондджындзинадæй хуыдзæр ницы ис, æмæ уæ алчидæр уыцы хорздзинæдтæй хайджын уæд!*

***ХЪЕСАТЫ Сталбек,***
***Æрыдоны районы «Иры Стыр Ныхас»-ы хайады сæрдар.***

## С ГЛАВНОЙ ПРОСЬБОЙ К СВЯТОМУ

*В числе главных праздников осетинского народа – День Хетага, издавна отмечающийся во второе воскресенье июля. Сотни людей съезжаются в Святую рощу, под кроны вековых спасительных деревьев, чтобы отсюда, с места, которое справедливо считается открыто помогающим и наделенным исцеляющей силой, вознести сокровенные обращения. Традиционные три пирога будут в этот день на столах в каждом осетинском доме, а в сердцах людей зажгутся незыблемыми искрами надежда и вера.*

*«День Хетага – объединяющее начало для всех жителей Осетии, а в последние годы для людей разных национальностей и вероисповедания, – говорит председатель Ардонского отделения Международного общественного движения «Иры Стыр Ныхас»* ***Сталбек Кесаев.*** *– Это дань этнокультурной истории республики и подтверждение незыблемости ее нравственных и других национальных традиций, величие красивых самобытных обычаев, любовь к родной земле, почитание старшего поколения. В преддверии праздника мы посчитали необходимым проведение собрания районного актива, на котором обсудили основные вопросы по празднованию Дня Хетага. Правила поведения обязывают каждого человека к порядку в действиях, словах, мыслях. Каждый приходящий к священному для осетинского народа месту должен помнить о том, что не следует здесь злоупотреблять спиртными напитками. Внешний вид должен также соответствовать празднику — скромность и приличие. Поэтому я хочу обратиться к жителям района, чтобы помнили о сдержанности во всем, и не только в этот значимый день, но и в любой другой. Пусть наша нравственность и культура, которую оставили нам наши предки, будет передаваться в исконно национальном виде из поколения в поколение. В этот почитаемый праздник – День Хетага, я хочу пожелать всем жителям района крепкого здоровья, благополучия, мирного неба над головой».*

*Уже завтра все старшие республики будут возносить молитвы к Всевышнему и покровителю мужчин. Среди всех, идущих от сердца молитвенных слов, – главная просьба о поддержке наших молодых ребят, находящихся в зоне специальной военной операции. Как столетия назад Святой Хетаг воззвал о помощи к Всевышнему и был услышан, пусть также исполнятся мольбы родных и близких наших доблестных воинов.*

***Записала***
***Ирина ДЗУГКОЕВА.***

### Уважаемые жители г. Ардона! Дорогие земляки!

*Примите мои сердечные поздравления с Днем Хетага! Это один из самых почитаемых праздников осетинского народа, ставший символом единства республики, преемственности традиций, сохранения бесценного опыта предков. За праздничным столом будут звучать пожелания мира, благополучия, изобилия. Особо будем молиться за наших бойцов, которые сейчас находятся в зоне проведения СВО. Именно в их руках сейчас обеспечение мира и спокойствия на территории нашей страны.*

*День Хетага учит нас ценить родную землю, культуру, язык, воспитывает в молодежи чувство патриотизма, уважение к истории и традициям наших мудрых предков. С верой в светлое будущее мы встречаем этот день, желая друг другу мира, благополучия и изобилия.*

*Рагæй æрæгмæ нæ фыдæлтæ сæ кæстæрты — сæ фидæн, сæхи, сæ бæлццоны, сæ хæстоны, сæ алы хорз хъуыддаджы райдиан фæдзæхстой Уастырджийыл. Сымах дæр йæ фæдзæхст ут, æнæфыдбылыз ут!*

***Игорь ХАМИЦЕВ,***
***глава АМС г. Ардона.***

**НÆ АРФХЪУЫДЫДЖЫН ÆГЪДÆУТТÆ**

# ХЕТÆДЖЫ УАСТЫРДЖИ



**Хетæджы Уастырджийы хорзæх уæ уæд, Иры дзыллæтæ! Уæ мысайнаг уын айсæд, уæ кувинæгтæ йын барст уæнт, уæ куывдтытæ йæм фехъуысæнт!**

**Хетæджы Уастырджийы кувæндон кæд Алагиры районы зæххыл Куырттаты комæй рахизæны дæлвæзы ис, æмæ йæм кæд райдайæны кувынмæ йæ алыварс хъæутæ Суадаг, Ногхъæу, Хъæдгæрон, Дзуарыхъæу, Хæтæлдон æмæ æндæр хъæуты цæрджыты йеддæмæ стæм цыд, уæд ныр ацы кувæндон ссис æппæт-иронадæмон. Уымæн æмæ Уастырджи æппæт ирон адæмыл аудæг зæд у, иуадзыг Хуыцауы раз ис, æмæ Ирыстонмæ æртæхгæйæ, ирон адæмæн Хуыцауы хæрзтæ чи æрхæссы, уыцы рæстаг, хæларзæрдæ æмæ æргом зæд у.**

## ЙÆ КУВÆНДОНЫ РАВЗÆРД

Раджы заман, 14-æм æнусы, нæ рагфыдæлтæ аланты Тимуры фыдгæнджтæй йæ æфсæдты æрдонгтæ бындзагъд ныккæнын куы сфæнд кодтой, уæд ма дзы къордтæ-къордтæ цæргæйæ баззад абоны Кæсæджы, Хъæрæсе æмæ Хъубаны зæххыл — сæ фыдæлты зæххыл, Хъубаны цæугæдоны къабаз Стыр Зеленчукы был уыдонæй цард къниаз Инал. Уыд ын æртæ фырты: Биаслан, Аслæнбег æмæ Хетæг. «Биаслан ссис кæсæджы къниæзтæн сæ мыггаджы фыдæл. Аслæнбег уыд æнæзæнæг», — афтæ фыссы Къоста йæ этнографион очерк «Особа»-йы.

Кæсæджы пысылмон дин куы стыхджын, Зеленчукы зылды алайнаг ирон чырыстон аргъуан та цаудмæ куы æрхаудта, бынтон куы сæдых, уæд дæр Хетæг йæ ирон диныл йæ къух нæ систа. Уый тыххæй йæм суанг йæ бинонтæ дæр сфыдæх сты, сæхиуыл æй нал нымадтой. Уæд Хетæг йæ сæр райста Ирыстонмæ. Уый йе знæгтæ куы базыдтой, уæд æй, сæ дин сын кæй нæ райста, уый тыххæй амарын сфæнд кодтой æмæ йæ фæсте расырдтой.

Хетæг æрбаирвæзт Ærджынарæгæй æмæ йæ ных сарæзта Куырттаты комы ʼрдæм. Фæлæ, абон Суададжы хъæу кæм ис, уырдæм хæстæг куы æрбахæццæ, уæд æй знæгтæ дæр æрбацæйæййæфтой. Уыцы рæстæг æм Суададжы сæрмæ хъæды фахсæй фехъуыст хъæр:

— Хетæг, хъæдмæ! Хъæдмæ!

— Хетæг хъæдмæ нал бахæццæ уыдзæн, фæлæ хъæд — Хетæгмæ! — дзуапп радта Хетæг йæ хæрзгæнæгæн.

Уыйадыл хъæдæмбæрзт хохы фахсæй хъæд тыгуырæй сыстад æмæ Хетæджы алыварс тымбылæй февзæрд, знæгтæй йæ баууон кодта, бахъахъхъæдта. Уыдон фыртæссæй фæстæмæ лидзæг фесты.

Афтæ, дам, равзæрд Хетæджы къох, Хетæджы Уастырджийы кувæндон, Тымбылхъæды дзуар. Хъæд кæцæй сыстад, уыцы бынат фахсыл абон дæр у гæмæх.

Зæгъынц, къохы астæу, дам, уыд сатæг суадон. Хетæг фæлладæй йæ дойны кæмæй басаста, уый. Ам иудзæвгар фæци, стæй Куырттаты комыл ахызт Нармæ. Куырттатæгтæн радзырдта, дæлвæзы йæ Уастырджи знæгтæй куыд æмæ кæм фервæзын кодта, уый. Куырттатæгтæ йын сбæрæг кодтой йæ бынат æмæ Дзывгъисы Уастырджийы бæрæгбонмæ гæсгæ йæ бон. Уæд фæзынд Хетæджы Уастырджийы бæрæгбон, æмæ йæ фыццагдæр йæ боны бæрæг кæнын райдыдтой куырттатæгтæ. Къох ныр ссис Ирыстоны кувæндæтты сæйрагдæртæй иу.

«Кæддæр Уастырджи Хетæгæн цы æххуыс бакодта, сымахæн дæр уыйау уæ хъахъхъæнæг куыд уа, уыцы амонд уæ уæд!» — ныр афтæ арæх фæкувынц ирон адæм кæрæдзийæн.

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты агъоммæ йæ бынмæ сылгоймаг нæ цыд, йæ ном ын ныр дæр нæ дзурынц. Тымбылхъæды дзуар æй уыдон хонынц. Сæ кувинæгтæ æмæ мысайнæгтæ-иу мидæмæ, дзуарылæг сæ скува, сæ бинонты, сæ хæстонты, бæлцæтты, рынчыны йыл бафæдзæхса, уый тыххæй барвыстой нæлгоймæгтæй искæмæн, суанг къаннæг лæппутæн дæр. Хетæджы къохы бынмæ нæлгоймæгтæ ефс бæхтыл дæр нæ цыдысты.

Хæсты тызмæг азты хæстхъом нæлгоймæгтæ тохы быдыры цагъды куы кодтой, æмæ алчи йæ бæлццоны, мæлæтæй йын тæрсгæйæ, Хетæджы Уастырджийыл бафæдзæхсынмæ йæхи куы ивæзта, афтæмæй йын йе ʼртæ æртæдзыхонæй йæ быны скувæг нæлгоймаг куы нал уыд, уæд ирон сылгоймаг ахызт ацы æгъдауы сæрты. Ныййарджытæ, устытæ, чызджытæ сæ хæстонты Тымбылхъæды кувæндоны Лæгты дзуарыл фæдзæхстой сæхæдæг.

Хетæджы къохы бæлæстæн ам æввахс хъæдты æмбал нæй — бæрзонд фæцыдысты, уæрæх ныззылдысты. Кæрз бæласы бæрзæнд дзы хæццæ кæны 40 метрмæ, йæ зæнг — 2 метрмæ. Иуæй йæ ран хъæздыг у мæрæй, иннæмæй кувæндон у, адæмы фарнæй — æвæджиау хайджын. Цард-цæрæнбонты йæ ирон адæм цæстыгагуыйау хъахъхъæдтой, къалиу расæттын, сыф рахæссын дæр дзы нæ фæтчы. Къохы алыварс ныллæг хъæдгæндтæ бирæ уыд. Уыдонæй, стæй стыр хъæдæй дæр æм сырд арæх æфтыд, æмæ уый амарын дæр не ʼмбæлд. Къохмæ хæстæг хъæды мард сырдæй та дзуары бын кодтой куывд, хæдзармæ хæссæн дзы нæ уыд. Къохæн йæ хуылфы, стæй йæ хурныгуылæн фарс цы суадæттæ уыд, уыдоны сатæг донæй дæр Уастырджимæ кувгæ кодтой.

Хетæджы бынæй хæдзармæ сыфтæр дæр рахæссын кæй нæ фæтчы, куы рахæссай, уæд та дæ был, æфсæр, цæстытæ, кæнæ бæрзæй кæй ныззылын уыдзæн, суанг куырм дæр кæй бауыдзынæ, уый фæдыл бирæ хабæрттæ фехъусæн вæййы. Цы дыргътæ: кæрдотæ, æнгуытæ, æхсæртæ, æхсынцъытæ æмæ æндæртæ дзы ис, уыдонæй дæр хæрæн ис æрмæст уым, кæнæ рахæссæн къохы алыварс хæстæг бадыртæм.

* * *

Хетæджы Уастырджийы кувæндоны бынмæ ныры дуджы сæ кувинæгтимæ цæуынц Ирыстоны æппæт рæттæй дæр: Цæгатæй — Хуссармæ, Хурыскæсæнæй — Хурныгуылæнмæ. Æмæ уый хуымæтæджы нæу: фæдзæхсынц ыл сæ кæстæрты, сæ бæлццæтты, сæ рынчынты, сæ арфæйаг хъуыддæгтæ, сæхи æмæ, куыд æргом зæд у, афтæ сын æргом æххуыс кæны.

Ныр дæр та Хетæджы Уастырджийы кувæндонмæ ирон адæм цæудзысты рухс зæрдæтимæ, хъæлдзæгæй, йæ хорзæх рахæссын æнхъæлæй. Æмæ дзы æдзухдæр райгонд куыд уæм, уыцы хорздзинад нын йæ цæст бауарзæд. Табу йын кæнæм, æмæ нын æдзухдæр табуйаг куыд уа. Нæ кувинаг ын барст уæд, нæ мысайнаг — ист. Æмæ нын цæмæй нæ куывдтытæ иса, уый тыххæй кувæндоны æгъдæуттæ халын нæ хъæуы.

Æрвылаз дæр Хетæджы Уастырджийы бæрæгбоны йæ кувæндонмæ куывддоны æрбацæуынц бирæ дзыллæтæ. Кæй зæгъын æй хъæуы, табу кæнынмæ, кувынмæ. Фæлæ се ʼхсæн вæййы ахæмтæ дæр, сæ уаг, се ʼгъдау, сæ дзаумайы конд нывыл кæмæн нæ вæййы. Кувæндоны бынмæ расыгæй цæуын, стæй дзы расыг кæнын дæр нæ фæтчы. Нæ фыдæлтæ йæ быны æртæ сидтæй фылдæр нæ кодтой: Стыр Хуыцауы, Уастырджийы æмæ куывддонты, кæнæ кувинаг цы хъæубæстæй, сыхбæстæйæ æрбахастой, уыдоны сыл бафæдзæхсыны сидтытæ.

Кувæндонмæ не ʼмбæлы цæуын æнæхсадæй, æнæдастæй, спортивон æмæ æндæр ронбæгъд уæлæдарæсы, хæцæнгарзимæ, хъамаимæ цæуын æм нæ фæтчы. Йæ быны нæлгоймаг хъуамæ уа худаист, аив конд, ирд сыгъдæг уæлæдарæсы. Афтæ – сылгоймаг дæр: ирд сыгъдæг уæлæдарæсы. Раздæр кувæндонмæ сылгоймаг æнæ сæрбæттæнæй нæ цыд. Ныр дæр сæ аргъуанмæ æнæ сæрбæттæнæй нæ уадзынц. Кувæндоны бын уыцы æгъдау фехæлдтой, æмæ сын уый фаг нæ разынд: цæуын æм райдыдтой гомзæнг, гомцонг, гомриу æмæ ма гомгуыбынтæй дæр. Даргъфадыг хæлафджынтæ дæр дзы фæзыны. Æмæ сын макæ зæгъæг нæй; дзуарылæгтæ мысайнаг æмбырд кæнынæй уæлдай сæхимæ æндæр хæстæ нал исынц.

Мысайнаджы тыххæй та нæм ахæм хабæрттæ райтынг, æмæ худинагдæр, аллайагдæр цы хъуамæ уа нæ ирон царды! Нæ кувинæгтæ дæр нын уымæн нал исынц, æвæццæгæн, Стыр Хуыцау, йе сконд зæдтæ æмæ дауджытæ. Æмæ нæл бæллæхтæ дæр уымæн цæуы! Цæмæй мысайнæгтæм иуæй-иу дзуарылæгтæ ма цыбæл кæной, уый тыххæй кувæндоны æвæрын хъæуы мысайнагæн æхсад згъæр æхцатæ. Гæххæттын æхцайæн æхсæн нæй, æмæ йæ чъизийæ æвæрын нæ фæтчы. Иннæмæй та мысайнæгтæн дæр æрмæст сæ кæцыдæр чысыл хай — фæтчыхъæдæн — сисгæ у иумæйаг куывдæн. Иннæтæ хардзгæнгæ сты кувæндоны аивдзинадыл, ирон æгъдæутты рæсугъд хъуыддæгтыл. Хъæугуывдтæн нæ, фæлæ... Ахæм куывдæн та куывддонтæ æрæвæрынц сæхи сæрмагонд мысайнæгтæ.

Кувæндон адæймаджы хъæздыгдзинад æвдисæн бынат нæу! Сыгъдæг зæрдæйæ йæм цæуын хъæуы, дæ бон цæмæй у, уымæй йæ сбуц кæн рæдауæй: æртæ æртæдзыхонæй, бæгæныйы къус æмæ дзыккайæ дæр фæуæд. Нæ мæгуыр фыдæлтæн сæ фылдæрæн сæ кувинаг æрмæстдæр адон уыдысты. Мысайнаг та æвæрдтой æртæ суарийы — 15 капеччы. Ныр дæр æртæ згъæр фондз сомы æгъгъæд сты мысайнагæн. Гъемæ та сæ Хетæджы Уастырджийы кувæндонмæ куыд зæрдæхæларæй, рæдауæй, куыд хорзæнхъæлæй бахæссæм, уый бæрц нын арфæйаг фæуæнт!

**ЦГЪОЙТЫ Хазби.**

## ХИСТÆРЫ КУЫВД

Хуыцауæн табу! Стыр Хуыцау, Цытджын Хуыцау дæ! Дунескæнæг Иунæг Хуыцау, адæмы æмæ зæдты сфæлдисæг дæр ды дæ, æмæ нæ дæ хорзæх уæд!

Де сконд зæдтæ æмæ дауджытæн дæр табу!

Сæ хистæр Уастырджи у, абон йæ кувæн бон у, æмæ йæм бакувæм.

Уæ сыгъзæрин базыр Уастырджи, табу дæхицæн!

Хуыцауæй ирон адæммæ, ирон адæмæй Хуыцаумæ — дыууæрдæм минæвар дæ, Хуыцаумæ фæндаг дын уæгъд у, æмæ-иу курдиаты рæстæг йæ хорзæхтæй ирон адæмы фæхайджын кæн.

— Ирон адæмы дæ рахиз базыры бын дар! — Рæстæрдæм сыл ауд!

— Хуыцауы фыдæхæй сæ хъахъхъæн!

— Йæ хорзæх сыл тау!

— Ды роды гал кæныс, байраджы — бæх, лæппуйы — лæг. Æмæ нæ кæстæртæ — де уазæг!

— Фыдбылызæй сæ бахиз!

— Бынаты æмæ фæндагыл дæр — кæддæрииддæр дзæбæх куыд уой, уыцы арфæ сын дæ цæст бауарзæд!

— Уæ зæлдагзачъе Уастырджи, зæхмæ ирон адæммæ Хуыцауы разæй ратæхыс, æмæ де ʼрбадæн бынæттæ алы ран дæр кувæндæттæ систы. Ирон адæммæ цытджын дæ, сæхи дыл фæдзæхсынц, æмæ сæ дæ хорзæх уæд!

— Лæгты дзуар дæ, æмæ ирон адæмы лæгхъуаг макуы ныууадз!

— Хетæджы Уастырджи, Тымбылхъæды дзуар ирон адæмы Цæгатæй — Хуссармæ, Хурыскæсæнæй — Хурныгуылæнмæ иу кæныс, фарн сыл æфтауыс æмæ табу дæхицæн!

— Сæ ныфс дæ, ымдгæнгæ дæ бынмæ кувынмæ, хорздзинад курынмæ цæуынц, æмæ сæ-иу курдиаты рæстæг дæ хорзæх уæд!

— Нæ зæххыл сабырдзинад куыд æрфидар уа!

— Адæм кæрæдзимæ æхцайы цæст æмæ топпы кæсæнæй куыд нал кæсой!

— Се ʼхсæн хæрзаудæны æнкъарæн куыд фæтыхджындæр уа!

— Алыхуызон адæмтимæ у нæ цард, æмæ кæрæдзи куыд æмбарæм, æмдзæринæн куыд бæззæм, уымæн ахъаз бакæн!

— Ирыстон, ирон адæм фыдохы цаутæй, фыдбылызы хабæрттæй хызт куыд уой!

— Нæ фæсивæды тохы сæр куыд никуыуал бахъæуа!

— Зонд æмæ арæхстдзинадæй дунейы дæр уæлахизтæ куыд кæной!

— Тархъæды бæлæстау æнгом куыд уой!

— Цардыл сæ бафтау!

— Фылдæрæй-фылдæр куыд кæной!

— Нæ омменгæнджыты цæрæццаг хъæлæстæ уæларвмæ куыд хъуысой!

# БÆРÆГБОНЫ ХОРЗÆХ УÆ УÆД!



***Зынаргъ Къостайыхъæуы цæрджытæ!***

*Зæрдиаг арфæ уын кæнын Хетæджы Уастырджийы бæрæгбоны фæдыл!*

*Ацы бæрæгбон у адæмы иугæнæг æмæ æнгомдæргæнæг, тыхджындæр дзуæрттæй иу, æмæ уæ йæ хорзæх уæд. Мæ зæрдæ уын зæгъы фидар æнæниздзинад. Уæ кæстæртæ амондджын фæндæгтыл цæуæнт, царды хорздзинадæй цы ис, уыдонæй хайджын уæнт. Уæ бинонтимæ цардæй бафсæдут. Хетаджы Уастырджийы кувæн бонтæ сты, æмæ уын алкæддæр æххуысгæнæг уæд!*

***ДЗАПАРТЫ Арсен,***
***Къостайыхъæуы администрацийы сæргълæууæг.***

***Зынаргъ Нартыхъæуы цæрджытæ!***

*Зæрдиаг арфæ уын кæнын Хетæджы Уастырджийы бæрæгбоны фæдыл. Нæ зæрдæты нын ныфсы, хæлардзинады æнкъарæнтæ æвзæрын кæны, æмæ нын ахъазгæнæг, æххуысгæнæг уæд кæдфæндыдæр! Хетæджы хорзæх алкæй дæр уæд. Нæ ныхасы фарн куыд уа, æнæфыдбылыз, нæ сомбон — хуыздæр.*

***ГУСАТЫ Ибрагим,***
***Нартыхъæуы администрацийы сæргълæууæг.***

***Уважаемые жители с. Кирово!***
***Дорогие друзья!***

*Поздравляю вас с национальным осетинским праздником — Днем Святого Хетага!*

*В этот светлый день принято вознosить молитвы о мире и благополучии в родной республике, о процветании нашего миролюбивого и гостеприимного народа. День Святого Хетага олицетворяет духовное единение вокруг вечных ценностей, передающихся из поколения в поколение. Пусть будут услышаны все молитвы, вознесенные в этот день. Особенно мы будем молиться о том, чтобы в скорейшем будущем все наши защитники, которые сейчас находятся в зоне специальной военной операции, вернулись в свои родные дома.*

*Хетæджы Уастырджийы хорзæх уæ уæд!*

***Чермен МОУРАОВ,***
***глава АМС с. Кирово.***

***Дорогие жители с. Фиагдон!***

*Примите мои искренние поздравления с этим самым почитаемым и значимым праздником – Днем Хетага, который отмечается в каждой семье вне зависимости от национальной принадлежности. Этот светлый праздник учит нас ценить родную землю, культуру, язык; учит молодежь патриотизму; наполняет наши души особой радостью и верой в лучшее будущее.*

*От всей души желаю вам долгих лет счастливой жизни, крепкого здоровья, семейного счастья и благополучия всем вам и вашим близким! Пусть все дела и начинания будут успешными. Пусть в ваших домах всегда царят тепло и уют! Пусть Хетаджы Уастырджи бережет нашу Родину от бед! Пусть каждый защитник своего Отечества возвратится к своей семье живым и невредимым!*

*Я желаю, чтобы ваши молитвы были услышаны, и Святой Хетаг нас своим крылом защищал от бед.*

***Владимир ПЛИЕВ,***
***глава АМС с. Фиагдон.***

***Уважаемые жители с. Мичурино!***

*Поздравляю вас с одним из самых почитаемых национальных праздников нашей республики – Днем Хетага.*

*Этот праздник особо близок и понятен каждому жителю многонациональной Осетии – он стал для всех нас символом единения, мира и процветания на родной земле, счастья и здоровья наших близких. Так пусть этот светлый праздник принесет жителям Осетии и всем нашим землякам, которые сейчас находятся в зоне специальной военной операции, неиссякаемую веру в торжество справедливости, радость, удачу, твердую уверенность в завтрашнем дне, а нашему селу и любимой республике — мира и процветания!*

***Элла КАЛОЕВА,***
***глава АМС с. Мичурино.***

***Уважаемые жители с Красногор!***

*Сердечно поздравляю вас с одним из главных наших национальных праздников — Днем Хетага!*

*Это праздник, с приходом которого мы вновь с чистыми помыслами ощущаем единение людей разных национальностей. Это праздник, который учит нас помнить и чтить наше историческое прошлое. В этот день в каждом доме нашей Осетии-Алании будут звучать молитвы к Всевышнему, в которых мы будем просить здоровья и благополучия нашим родным и близким, а также благоденствия и процветания. Также мы будем молить, чтобы все наши ребята, которые сейчас находятся в зоне специальной военной операции, в скором времени с победой вернулись домой к своим родным и близким здоровыми и невредимыми.*

*Хетаджы Уастырджийы хорзæх уæ уæд, Бæрæгъуыны æмæ Иристоны цæрджытæ!*

***Марат ЦОМАЕВ,***
***глава АМС с. Красногор.***

***Уважаемые жители с. Кадгарон!***

*Сердечно поздравляю вас с Днем Хетага! Будучи одним из главных символов преемственности богатых духовных традиций нашего народа, этот прекрасный светлый праздник неизменно призывает любить и ценить родную землю, наполняет наши сердца особой радостью и верой в светлое будущее.*

*Во все времена мы связывали с этим праздником надежды на мир и согласие. И в этом году всеми любимый праздник вновь объединит людей всех возрастов, национальностей и вероисповеданий, чтобы вознести молитвы о мире и благоденствии, здоровье близких и родных, изобилии в наших домах. И пусть Всевышний услышит все наши добрые слова и пожелания, которые прозвучат от чистого сердца и с добрыми помыслами, принесет в каждый дом счастье и благополучие!*

***Михаил ОГОЕВ,***
***глава АМС с. Кадгарон.***

***Зынаргъ Рассветыхъæуы цæрджытæ!***

*Зæрдæбынæй уын Ирыстоны кадджындæр национ бæрæгбон — Хетæджы боны фæдыл арфæ кæнын!*

*Нæ адæмы удварны хæзна, иудзинад æмæ хæлардзинады нысаниуæг кæмæн ис, уыцы рæсугъд æгъдау нæм æнусты сæрты æрцыд! Ӕртæ æртæдзыхонæй Ирыстоны кувдзысты Хетæджы Уастырджимæ æмæ дзы курдзысты нæ бæстæйæн сабырдзинад, бæркад, æнæниздзинад, амондджын фидæн нæ кæстæртæн! Уæлдай арфæ кæнæм нæ хъæбатыр хæстонтæн — Уастырджи уæ йæ рахиз базыры бын дарæд, фыдбылызæй уæ хъахъхъæнæд!*

*Нæ зынаргъ æмхъæуккæгтæ! Иунæг Кадджын Стыр Хуыцаумæ æмæ Хетæджы Уастырджимæ нæ сыгъдæг куывдтытæ фехъуысæнт, бæрæгбоны арфæтæ уыл дзæбæхæй æрцæуæнт!*

***БИРÆГЪТЫ Вадим,***
***Рассветыхъæуы администрацийы сæргълæууæг.***

## ТЕЛЕПРОГРАММА

15 июля — 21 июля

### Понедельник

15 ИЮЛЯ
ПЕРВЫЙ КАНАЛ
05.00 Доброе утро
09.00, 12.00, 15.00, 18.00, 03.00 Новости
09.20 Модный приговор 0+
10.10 Жить здорово! 16+
11.00, 12.15, 17.00, 18.30 Информационный канал 16+
15.15 Давай поженимся! 16+
16.05 Мужское/Женское 16+
**20.00 Т/с "Ищейка" 16+**
21.00 Время
**22.00 Т/с "Два берега" 16+**
23.00 Большая игра 16+
00.00, 00.45, 01.30, 02.15, 03.05, 03.50 Подкаст. Лаб 16+

"РОССИЯ-1"
05.00, 09.30 Утро России
09.00, 14.35, 21.05 Вести. Местное время
09.55 "О самом главном" 12+
11.00, 14.00, 17.00, 20.00 Вести
11.30, 18.30 60 минут 16+
**13.00 Т/с "Художник" 12+**
**15.00 Т/с "Бахар. По имени Весна" 16+**
17.30 Малахов 16+
**21.20 Т/с "Пятая группа крови" 16+**
00.50 XXXIII Международный фестиваль "Славянский базар в Витебске" 12+
**02.35 Т/с "Бахар. По имени Весна" 16+**
**04.10 Т/с "Василиса" 12+**

### Вторник

16 ИЮЛЯ
ПЕРВЫЙ КАНАЛ
05.00 Доброе утро
09.00, 12.00, 15.00, 18.00, 03.00 Новости
09.20 Модный приговор 0+
10.10 Жить здорово! 16+
11.00, 12.15, 17.00, 18.30 Информационный канал 16+
15.15 Давай поженимся! 16+
16.05 Мужское/Женское 16+
**20.00 Т/с "Ищейка" 16+**
21.00 Время
**22.00 Т/с "Два берега" 16+**
23.00 Большая игра 16+
00.00, 00.45, 01.30, 02.15, 03.05, 03.50 Подкаст. Лаб 16+

"РОССИЯ-1"
05.00, 09.30 Утро России
09.00, 14.35, 21.05 Вести. Местное время
09.55 "О самом главном" 12+
11.00, 14.00, 17.00, 20.00 Вести
11.30, 18.30 60 минут 16+
**13.00 Т/с "Художник" 12+**
**15.00 Т/с "Бахар. По имени Весна" 16+**
17.30 Малахов 16+
**21.20 Т/с "Пятая группа крови" 16+**
00.30 Торжественная церемония закрытия XXXIII Международного фестиваля "Славянский базар в Витебске" 12+
**01.50 Т/с "Бахар. По имени Весна" 16+**
**03.25 Т/с "Василиса" 12+**

### Среда

17 ИЮЛЯ
ПЕРВЫЙ КАНАЛ
05.00 Доброе утро
09.00, 12.00, 15.00, 18.00, 03.00 Новости
09.20 Модный приговор 0+
10.10 Жить здорово! 16+
11.00, 12.15, 17.00, 18.30 Информационный канал 16+
15.15 Давай поженимся! 16+
16.05 Мужское/Женское 16+
**20.00 Т/с "Ищейка" 16+**
21.00 Время
**22.00 Т/с "Два берега" 16+**
23.00 Большая игра 16+
00.00, 00.45, 01.30, 02.15, 03.05, 03.50 Подкаст. Лаб 16+

"РОССИЯ-1"
05.00, 09.30 Утро России
09.00, 14.35, 21.05 Вести. Местное время
09.55 "О самом главном" 12+
11.00, 14.00, 17.00, 20.00 Вести
11.30, 18.30 60 минут 16+
**13.00 Т/с "Художник" 12+**
**15.00 Т/с "Бахар. По имени Весна" 16+**
17.30 Малахов 16+
**21.20 Т/с "Пятая группа крови" 16+**
**00.50 Т/с "Бахар. По имени Весна" 16+**
**02.40 Т/с "Василиса" 12+**

### Четверг

18 ИЮЛЯ
ПЕРВЫЙ КАНАЛ
05.00 Доброе утро
09.00, 12.00, 15.00, 18.00, 03.00 Новости
09.20 Модный приговор 0+
10.10 Жить здорово! 16+
11.00, 12.15, 17.00, 18.30 Информационный канал 16+
15.15 Давай поженимся! 16+
16.05 Мужское/Женское 16+
**20.00 Т/с "Ищейка" 16+**
21.00 Время
**22.00 Т/с "Два берега" 16+**
23.00 Большая игра 16+
00.10, 00.55, 01.40, 02.25, 03.05, 03.50 Подкаст. Лаб 16+

"РОССИЯ-1"
05.00, 09.30 Утро России
09.00, 14.35, 21.05 Вести. Местное время
09.55 "О самом главном" 12+
11.00, 14.00, 17.00, 20.00 Вести
11.30, 18.30 60 минут 16+
**13.00 Т/с "Художник" 12+**
**15.00 Т/с "Бахар. По имени Весна" 16+**
17.30 Малахов 16+
**21.20 Т/с "Пятая группа крови" 16+**
**00.50 Т/с "Бахар. По имени Весна" 16+**
**02.40 Т/с "Василиса" 12+**

### Пятница

19 ИЮЛЯ
ПЕРВЫЙ КАНАЛ
05.00 Доброе утро
09.00, 12.00, 15.00, 18.00 Новости
09.20 Модный приговор 0+
10.10 Жить здорово! 16+
11.00, 12.15, 17.00, 18.35 Информационный канал 16+
15.15 Давай поженимся! 16+
16.05 Мужское/Женское 16+
19.45 Поле чудес 16+
21.00 Время
21.45 Фантастика 12+
**23.50 Х/ф "Джильда" 16+**
02.00, 02.45, 03.30, 04.15, 05.00 Подкаст. Лаб 16+

"РОССИЯ-1"
05.00, 09.30 Утро России
09.00, 14.35, 21.15 Вести. Местное время
09.55 "О самом главном" 12+
11.00, 14.00, 17.00, 20.00 Вести
11.30, 18.30 60 минут 16+
13.00 Судьба человека с Борисом Корчевниковым 12+
**15.00 Т/с "Бахар. По имени Весна" 16+**
17.30 Прямой эфир 16+
21.30 Ну-ка, все вместе! Народный кастинг 12+
23.55 Истории большой страны 12+
**00.55 Т/с "Бахар. По имени Весна" 16+**
**02.45 Т/с "С чистого листа" 12+**

### Суббота

20 ИЮЛЯ
ПЕРВЫЙ КАНАЛ
06.00 Доброе утро. Суббота 12+
09.45 Слово пастыря 0+
10.00, 12.00, 18.00 Новости
10.15 Д/ф "До и после Штирлица"12+
11.10 Поехали 12+
12.15, 18.20 К 90-летию со дня рождения Александра Ширвиндта 16+
**13.35 Х/ф"Трое в лодке, не считая собаки" 0+**
**16.10 Хф "Миллион в брачной корзине" 12+**
19.55 Кто хочет стать миллионером? 12+
21.00 Время
21.35 Сегодня вечером 16+
**23.00 Х/ф "Королевская игра" 18+**
01.10, 01.55, 02.40, 03.25, 04.10, 04.55, 05.30 Подкаст.Лаб 16+

"РОССИЯ-1"
05.00 Утро России. Суббота 12+
08.00 Вести. Местное время
08.20 Местное время. Суббота
08.35 По секрету всему свету 12+
09.00 Формула еды 12+
09.25 Пятеро на одного 12+
10.10 Сто к одному 12+
11.00, 14.00,17.00, 20.00 Вести
11.50 Доктор Мясников 12+
13.00 В кругу друзей 12+
14.50 Юмор! Юмор! Юмор! 16+
17.50 "Привет, Андрей!" 12+
**21.00 Х/ф "Под одной крышей" 12+**
**00.30 Х/ф "Когда зацветет багульник" 16+**
**03.55 Х/ф "Как же быть сердцу" 16+**

### Воскресенье

21 ИЮЛЯ
ПЕРВЫЙ КАНАЛ
06.00, 10.00, 12.00, 18.00 Новости
06.10, 00.00, 00.45, 01.30, 02.15, 03.00, 03.45, 04.30 Подкаст Лаб 16+
06.55 Играй, гармонь любимая! 12+
07.40 Часовой 12+
08.10 Здоровье 16+
09.20 Непутевые заметки 12+
09.40 Мечталлион. Национальная лотерея 12+
10.15 Жизнь своих 12+
11.05 Повара на колесах 12+
12.15 Видели видео? 0+
**13.40 Т/с "А у нас во дворе..." 12+**
19.00 Две звезды. Отцы и дети 12+
21.00 Время
**23.00 Т/с "Обоюдное согласие" 18+**
23.30 Все на матч! 16+

"РОССИЯ-1"
**06.10, 02.20 Х/ф "Как же быть сердцу-2" 16+**
08.00 Местное время. Воскресенье
08.35 Когда все дома 12+
09.25 Утренняя почта 12+
10.10 Сто к одному 12+
11.00, 14.00, 17.00, 20.00 Вести
11.50 Доктор Мясников 12+
13.00 Большие перемены 12+
14.50 Парад юмора 16+
17.50 Песни от всей души 12+
22.00 Воскресный вечер с Владимиром Соловьевым 12+
**00.30 Х/ф "Александра" 16+**

## ПОГОДА



| | День | Ночь |
|---|---|---|
| ВОСКРЕСЕНЬЕ | +31 | + 18 |
| ПОНЕДЕЛЬНИК | +33 | + 17 |
| ВТОРНИК | +33 | + 18 |
| СРЕДА | +33 | + 20 |
| ЧЕТВЕРГ | +32 | + 21 |
| ПЯТНИЦА | +32 | + 21 |
| СУББОТА | +30 | + 19 |
| ВОСКРЕСЕНЬЕ | +29 | + 19 |

**Прогноз получен по Интернету.**

***От всей души поздравляем нашу любимую Ульяну Маирбековну Заоеву с юбилеем!***



*Пусть эти две пятерки принесут гармонию и симметрию в твою жизнь! Желаем отличного здоровья и бодрости, жизнелюбия и негаснущего интереса ко всему новому. Счастья тебе, радости, прекрасных, надежных друзей, теплых отношений в семье, позитива в отношении к жизни.*

*Ты для нас самая лучшая дочь, сестра, мама! Мы тебя очень любим и ценим!*

***Родные.***


**27.07.2024 г. в клинике**

**“СЕМЕЙНАЯ МЕДИЦИНА”** *(в городе Дигоре)*

**будут вести прием детские врачи:**

1. **Уролог — Древ Александр Александрович** (стаж работы 21 год)
2. **Хирург — Цебоев Андрей Валентинович.** Врач высшей категории (стаж работы 30 лет)
3. **Ортопед — Бугулова Белла Сергеевна.** Врач высшей категории, (стаж работы 26 лет.)

**Также возможно оперативное лечение по ОМС.**

**Обращаться: г. Дигора, ул. С. Бердиева, 1 К.**

**Тел. 8(8672)40-42-94.**

Имеются противопоказания. Перед применением проконсультируйтесь со специалистом. Лицензия ЛО 41-00110-1500590380 от 26.08.2021 г.



**В СВЯЗИ С ОТКРЫТИЕМ НОВОЙ ПЕКАРНИ ТРЕБУЮТСЯ:**

•Пекарь-кондитер, •пекарь на осетинские пироги, •пекарь на восточную выпечку и сдобу, •повар-универсал, •повар-салатница, •кух.работница.

***Обращаться по тел. 8-928-685-47-29.***



**Кæхцгæнæнтæм уæй кæнæм сыгъдæг хорæй хаст нæл рæуæдтæ, дзидза сæ ис 130-150 кг.**

**Тел. 8-928-859-80-30.**





*** АЛЮМИНИЕВЫЕ И ПЛАСТИКОВЫЕ ОКНА**
*** ДВЕРИ * ВИТРАЖИ**
*** БАЛКОНЫ * РОЛЬСТАВНИ**

ТЕПЛЫЕ ОКНА

**Тел. 8-989-132-79-09**

**г. Ардон, ул. Ленина, 67.**

okna_ardon

SIEGENIA MACO REHAU DOORHAN АЛЮТЕХ



***Клиника "АЛМЕД" (г. Ардон)*** **МАССАЖ**

***лимфодренажный (противоотечный), антицеллюлитный, классический.*** **Массажист — Параскевов Виталий.**

**Тел. 8-918-707-91-70.**


**ВНИМАНИЮ НАСЕЛЕНИЯ!**

**В связи с плановым отключением ГРС Ардон с 11:00 17.07.2024 г. до 11:00 18.07.2024 г. на территории г. Ардона и с. Красногор будет произведено отключение газа.**


**ОПТОВЫЙ МАГАЗИН НАПИТКОВ**

*(г. Ардон, ул. Объездное шоссе, 5)*

- **большой ассортимент напитков,**
- **бесплатная доставка на мероприятия, одноразовая посуда.**

**Низкие цены.**

**Тел. 8-928-484-18-04.**



**ПЕПЛОБЛОКИ ПРОПАРЕННЫЕ**

**г. Терек.**

**Возможна доставка.**

**Тел. 8-967-411-90-94.**



**БАЛЬЗАМИРОВАНИЕ**

**гробы, венки, накидки, одежда, оркестр, траурная музыка, катафалк, палатки, копка могил, блоки.**

**Бесплатная доставка по Ардонскому району.**

**ВОЗМОЖНА ОПЛАТА ПОСЛЕ ПОХОРОН.**

**Тел. 8-918-701-15-36.**

**Ардон. Валера.**



**БАЛЬЗАМИРОВАНИЕ** (КРУГЛОСУТОЧНО)

**гробы, венки, накидки, одежда, траурная музыка, катафалк, палатки, копка могил, блоки.**

**Бесплатная доставка по Ардонскому району.**

ВОЗМОЖНА ОПЛАТА ПОСЛЕ ПОХОРОН.

**г. Ардон, ул. Советов, 13.**

**Тел. 8-928-933-42-32, Виталий.**


***Быгъдаты Мэлсæн йæ 85 азы юбилейы фæдыл!***

***Райсом, 14 июлы, нæ зынаргъ, нæ уарзон мыггаджы буц хистæр, Быгъдаты Мэлсæн у йæ райгуырæн бон.***

***Æххæст ыл кæны 85 азы.***

*Бирæ азты ма нын æнæниз, зæрдæрухсæй фæцæр, æмæ дыл алы аз дæр рæсугъд райгуырæн бонтæ цæуæд. Дæ кæстæрты хорздзинæдтæй дæ царды бонтæ райдзаст куыд уой, сæ хорз хабæрттæй дæ зæрдæ дзаг куыд уа, уыцы арфæ дæ уæд!*



*Стыр Хуыцау æмæ Ирыстоны дзуæртты цæст дын зæгъæд фидар æнæниздзинад. Мах, дæ кæстæртæ, дæ лæггæдтæн дзуапдæттынхъом цы уæм, уыцы амонд нæ уæд!*

*Лæгты дзуары фæдзæхст у!*

***Быгъдаты мыггаг.***


**УСЛУГИ**

**Принимаю заказы на изготовление и установку памятников** и плит. Плитка в ассортименте.

**Тел. 8-962-745-94-00, Заур.**

***

**Строительные работы,** штукатурка. **Сниму частный дом** в Ардоне. **Тел. 8-918-820-62-44**

***

**Отопление,** сантехника, канализация, электросварка, газосварка. **Тел. 8-932-433-90-37**

**ПРОДАЕТСЯ**

**Телки** от 1,6 до 2-х лет от породистых коров. Возможна доставка. **Тел. 8-928-488-52-56**

***

**Бараны** разного веса. **Ул. Тополиная, 71. Тел. 8-928-486-77-34**



**ИЗГОТОВЛЕНИЕ КОРПУСНОЙ МЕБЕЛИ. СБОРКА И РАЗБОРКА.**

**Тел. 8-918-701-31-99, Олег.**


ВАЖНО

## КОВАРНАЯ «ПИЩА БОГОВ»



Амброзия переводится с древнегреческого как "пища богов". Опасного врага с божественным названием можно встретить на приусадебных участках, вдоль дорог и на каждом пустыре. Возможно, об этом знают не многие, а вот в коварстве этого растения с каждым годом убеждается все больше людей. Трава внесена в список карантинных растений, так как является очень сильным аллергеном. Аллергия на этот вредоносный сорняк обостряется с середины августа и длится до сентября, но бороться с ним необходимо уже сейчас, пока он не начал свое активное цветение. Как известно, амброзия очень живучая и хорошо переносит как засуху, так и холода, и химические меры воздействия ему также не страшны. А еще, амброзию не всегда можно "побороть" одним скашиванием, особенно, когда она цветет. Семена ее опадают в почву и могут произрасти даже спустя десятилетия. Вот почему так важно именно сейчас, в период роста амброзия, лишить ее "основной силы". Уничтожить, чтобы пыльца этого злостного сорняка не стала уничтожать здоровье людей.

Уж это амброзия может сделать с легкостью! Как утверждают врачи, точная статистика заболеваемости амброзийной аллергией не ведется, но можно с уверенностью утверждать, что ежегодно ряды страдающих этим недугом, стремительно увеличиваются. При этом, это одна из самых тяжелых разновидностей аллергии, не "щадящая" ни детей, ни взрослых. Даже самые сильные антигистаминные препараты только на короткое время снимут первые симптомы. В большинстве случаев аллергия этого типа приводит к астме. В природе нет цветущих растений, кустарников, деревьев, которые обладали бы таким широким спектром влияния пыльцы на организм человека. Но ведь есть же простые способы уничтожения амброзии, способные предотвратить так много людских страданий. Тут главное не только своевременность мероприятий по скашиванию этой сорной растительности, но и неравнодушие каждого из нас. Даже тех людей, которых данная проблема еще не коснулась. Проходя мимо куста амброзии, например, приложить минимум усилий и вырвать с корнем растение и ни в коем случае не допускать ее произрастание вблизи жилых домов. Сорняки амброзии ни в коем случае нельзя срезать – из одного росточка появится минимум три новых побега.

Амброзия не только отрицательно влияет на здоровье человека, но и снижает урожайность, затрудняет процесс сбора урожая.

Коллектив редакции знает об амброзии если не все, то очень многое. Это не удивительно, поскольку половина сотрудников лично и вплотную столкнулась с такой проблемой, как сезонная аллергия. И, таких, как мы, в каждом коллективе много. Потому важность предпринимаемых мер по борьбе с амброзией, причем в самом начале ее цветения, это не просто тема для очередного материала, а своеобразный призыв ко всем людям и соответствующим службам, призыв к незамедлительным мерам. В Швейцарии есть закон: человек, обнаруживший хоть один корешок амброзии, обязан сразу сообщить об этом в специализированные отделения, которые находятся на страже здоровья человека весь летний период. Точно так же, как все жизненно важные службы. Это тоже определенное и очень значимое проявление заботы о своих людях.

**Подготовила Ирина ДЗУГКОЕВА.**


РЦИ-Аланийы Æрыдоны районы газет. Газета Ардонского района РСО-Алания. Основана в 1939 году.

Рухс Свет

**УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация местного самоуправления муниципального образования Ардонский район Республики Северная Осетия-Алания**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алания Регистрационный номер — ПИ № ТУ 15—00073 от 18 июня 2012 года как информационная, рекламная.**

**Цена свободная**

Главный редактор: 3-02-60.
Ответственный секретарь: 3-02-63.
Бухгалтерия и рекламный отдел: 3-02-61 (факс)

**E-mail:** ardonruhsh@mail.ru
**Сайт:** www.ruhs15.ru

Печать офсетная.
**Тираж 1501 экз.**
**Заказ № 725**
**Объем — 1 п. л.**
**Индекс издания 53910**



Использование материалов и фото допускается только с письменного разрешения редакции. При перепечатке ссылка на газету обязательна. Рукописи не возвращаются и не рецензируются. Редакция не несет ответственность за достоверность содержания рекламы, объявлений, публикаций на коммерческой основе и сторонних авторов.



Газета выходит 3 раза в неделю на русском и осетинском языках.

**АДРЕС РЕДАКЦИИ: 363332 РСО-А, г. Ардон, ул. Советов, 13.**

**АДРЕС ИЗДАТЕЛЯ:** 363332 РСО-А, г. Ардон, ул. Советов, 6, АМС Ардонского района РСО-Алания

**АДРЕС ТИПОГРАФИИ:** 362015 РСО-Алания, г.Владикавказ, пр. Коста, 11 АО “Осетия-Полиграфсервис”

НОМЕР ПОДПИСАН В ПЕЧАТЬ по графику — в 16.30 фактически — в 16.30.



**ИНЖЕНЕРЫ-ДИЗАЙНЕРЫ**
Л.Р. Гугкаева
З.М. Кортиева
Ю.В. Певная
**КОРРЕКТОР**
Р.Х. Сохиева
**ОТВЕТСТВЕННЫЙ СЕКРЕТАРЬ**
А.Г. Бязырова
**и.о. ГЛ. РЕДАКТОРА**
**И.Э. КАЛОЕВА**


**(6+)**